

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungkan, aya tilu hal nu jadi kacindekan dina ieu panalungtikan patali jeung gayabasa ngupamakeun.

Wanda gayabasa ngupamakeun dumasar kana sumber babandinganna réréana dina gayabasa ngupamakeun laku lampah manusa. Ku lantaran, ari nu ngaranna laku lampah manusa mah réa pisan. Salian ti éta, ari gayabasa ngupamakeun nyaéta ngabandingkeun dua hal anu bédá dianggap sarua, anu tangtuna ngabandingkeun kana laku lampah manusa mah tangtu aya waé tur loba. Hal éta nu jadi cukang lantaran laku lampah manusa leuwih loba tibatan nu lain.

Salian ti éta, dina ieu wanda gayabasa ngupamakeun, kapanggih wanda anu anyar, nyaéta wanda pasipatan. Ku lantaran, ari nu ngaranna pasipatan mah lain aya dina diri manusa hungkul, tapi dina sasatoan, tutuwuhan, barang, jeung nu lainna tangtu aya.

Struktur gayabasa ngupamakeun, kapanggih aya dua pola nyaéta konjungsi + kecap/frasa jeung konjungsi + klausa. Réréana aya dina pola konjungsi + klausa. Struktur anu polana frasa dipasing-pasing deui jadi 4 rupa di antarana, kecap/frasa barang, kecap/frasa pagawéan, kecap/frasa sipat, kecap/frasa pangantét. Anu panglobana dina ieu kecap/frasa nyaéta kecap/frasa pagawéan.

Gayabasa ngupamakeun ilaharna dicirian atawa dimimitian ku konjungsi pangbanding, di antarana, konjungsi *asa*, *cara*, *kawas*, *lir*, *sapertos*, jeung *sigi*. Ari réréana mah dicirian ku konjungsi *asa*, anu pangsaeutikna dicirian ku konjungsi *sapertos*. Dumasar kana ciri-cirina, katitén yén Ahmad Bakri henteu konsistén dina makéna konjungsi gayabasa ngupamakeun. Ku lantaran, aya sababaraha konjungsi anu dipaké ku Ahmad Bakri anu teu saluyu jeung tiori.

#### 1.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan bisa méré sawatara implikasi, saperti dina widang paélmuan jeung widang atikan.

Dina widang paélmuan, implikasina nyaéta ieu panalungtikan bisa jadi acuan atawa référensi pikeun kaweruh patali jeung kabasaan ogé kasusastraan, hususna ngeunaan gayabasa ngupamakeun. Ku ayana ieu panalungtikan, masarakat bisa apal kana gayabasa ngupamakeun, lain ngan saukur nyaho gayabasana sacara umum wungkul. Tapi apal kana wanda gayabasa ngupamakeun, struktur gayabasa ngupamakeun, jeung ciri gayabasa ngupamakeun.

Dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa dijadikeun media pikeun ngatik urang sunda kiwari sangkan tetep ngamumulé ogé ngaronjatkeun deui basana hususna gayabasa ngupamakeun.

### **1.3 Rékoméndasi**

Patali jeung ieu panalungtikan aya sababaraha hal anu perlu dirékoméndasikeun saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik séjén, dipiharep tuluy ngajembaran panalungtikan dina widang kabasaan, hususna ngeunaan gayabasa ngupamakeun anu bisa diulik ku ulikan séjén sarta bisa néangan data sacara langsung ka masarakat.
- 2) Pikeun pamilon atikan (siswa, mahasiswa) jeung pangatik (guru, dosén) ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan ajar jeung bahan bacaan patali jeung gayabasa, boh dina élmu basa boh sastra.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa dijadikeun référensi jeung padoman ngeunaan gayabasa ngupamakeun ogé dipiharep loba nu nalungtik deui ngeunaan gayabasa ngupamakeun dina ulikan séjén.